

# WUJUD LAN CAKRIKE PAWADAN ING BASA JAWA

**Lima Purnamasari**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
([limapurnamasari5@gmail.com](mailto:limapurnamasari5@gmail.com))

## Abstrak

Pawadan iku mujudake salah sijine cara utawa tatacarane wong guneman marang liyan sing ing antarane supaya ora nglarani ati, ora ngasorake, ora meksa, lan sapanunggalane. Pawadan iki ana ing basa Inggris diarani *hedge*.

Ing pasrawungan bebrayan Jawa akeh-akehe digunakake tuturan sing ora langsung. Salah sijine wujud tuturan ora langsung sing asring ditemokake lan digunakake dening bebrayan Jawa sajrone pasrawungan yaiku basa pawadan. Adhedhasar bab kasebut, mula panliten ing babagan pawadan, narik kawigaten kanggo ditliti.

Sing dadi underane panliten ing panliten iki, yaiku: (1) kepriye wujud pawadan ing basa Jawa?, lan (2) kepriye cakrike pawadan ing basa Jawa?. Dene tujuwane panliten, yaiku kanggo meruhi gegambaran sing lengkap lan objektif ing babagan: (1) wujud pawadan ing basa Jawa, lan (2) cakrike pawadan ing basa Jawa.

Landhesan teori sing digunakake ing panliten iki yaiku babagan paramasastra sing gegayutan klawan ancangan struktural sing digunakake ing sajrone panliten iki. Teori pamerange wujud pawadan nggunakake teorine Salager-Meyer. Lan teori pamerange cakrike pawadan nggunakake teorine Subagyo.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif. Ancangan sing digunakake ing kene yaiku ancangan struktural. Dhatane panliten yaiku tuturan sing ngemot wujud lan cakrike pawadan ing basa Jawa. Sumber dhata ing panliten iki yaiku kalawarti Jaya Baya sing terbit taun 2012 edisi 44 nganti tekan edisi 52. Instrumen dhata sing utama yaiku panliti dhewe. Tatacarane ngumpulake dhata ing panliten iki nggunakake metode simak lan metode baca. Panintinge dhata nggunakake analisis etnografis, analisis fenomenologis, lan analisis hermeneutis. Panyuguhe dhata nggunakake metode informal.

Asile panliten sing ditemokake saka pangumpule lan panafsire dhata, yaiku wujud pawadan ing basa Jawa ana pitung jinis, yaiku (1) wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya, (2) wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya, (3) wujud pawadan tembung kaanan, tembung aran, lan tembung katrangan, (4) wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa, (5) wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran, (6) wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira, (7) wujud pawadan gandheng renteng. Lan cakrike pawadan ing basa Jawa ana patang werna, yaiku (1) pawadan cakrik tumandang, (2) pawadan cakrik pakon tanggap, (3) pawadan cakrik sananta, (4) pawadan cakrik tandang.

## Tembung wigati: wujud pawadan, cakrike pawadan

### A. PURWAKA

Manungsa medharake gagasan lan rasa pangrasane kanthi sarana nggunakake basa. Masinambouw (Chaer, 2010:6) ngandharake, menawa tata lakune basa nduweni daya piguna minangka sarana anggone padha sesrawungan ing antarane wong siji lan sijine ing sajrone masyarakat. Ing pasrawungan supaya manungsa bisa diarani nduweni tatasusila, ana telung perkara sing kudu dimangerti, yaiku santun, sopan, sarta tatakramaning basa (Chaer, 2010:i). Telung perkara mau digunakake kanggo nyingkiri anane cecongkrahaman saengga bisa ndadekake pasrawungan sing selaras.

Kanggone bebrayan Jawa, sipat andhap-asor tansah ditengenake ing sajrone pasrawungan. Salah sijine

cara sing digunakake kanggo nuduhake sipat andhap-asor yaiku kanthi nggunakake basa pawadan ing tuturan. Pawadan minangka salah sijine cara sing digunakake ing pasrawungan Jawa, narik kawigaten kanggo dimangerteni, ditliti, disinaoni, lan dijlentrehake amarga pawadan sing isih digunakake ing pasrawungan saben dinane nduweni keselarasan karo andharan bab sopan, santun, lan tatakramaning basa. Basa sing dikarepake pawadan ing panganggone basa iku kaya tuladha ngisor iki:

- (1) *Paling* riyaya pitung dina aku bali mrengs maneh. (JB/51-52/2012:80)
- (2) *Yen ana* sing wani natoni atimu, ayo kandhaa marang aku. (JB/46/2012:37)

- (3) *Takpikir*, iki wektu sing pas aku lan kowe ketemu. (JB/45/2012:37)

Tembung-tembung sing kacetak miring ing tuladha (1) *paling*, (2) *yen ana*, lan (3) *takpikir* mujudake tetembungan sing nuduhake minangka wewujudane pawadan.

Ana ing kamus basastra Jawa, tembung pawadan asale saka tembung awad sing ateges kandha sing ora nyata mung digawe santolan utawa ethok-ethokan (Poerwadarminto, 1937:22). Kandha sing ora sanyatane iku nduweni maksud tartamtu ing pasrawungan, mula sabanjure sing diarani pawadan iku mujudake salah sijine cara utawa tatacarane wong sing guneman marang liyan ing antarane supaya ora nglarani ati, ora ngasorake, ora meksa, lan sapanunggalane.

Sawise panliti maca buku-buku kapustakan-kapustakan lan tulisan-tulisan ing internet, panliti durung bisa nemokake panliten-panliten sing mirunggan sing ngrembug bab pawadan ing basa Jawa isih durung akeh ditemokake. Apamaneh panliten ing bab pawadan kanthi ancangan polaning basa ing paramasastra. Yen ngono bab pawadan perlu dikaji, diteliti, sarta dicermati, amarga basa pawadan kasebut narik kawigaten, lan isih asring digunakake dening masyarakat Jawa, sarta durung akeh sing nliiti.

Kamangka, panliten ing ilmu basa negara manca, kaya sing ditindakake dening Lakoff (1972), Brown lan Levinson (1978&1987), sarta Collins (1987), ing babagan ilmu basa ngarani ana wewujudane basa sing disebut '*Hedge*'.

Tuladhane ing basa Inggris, kayata:

- (4) *I thought maybe I would sleep in here tonight.*  
'Takpikir *paling* mengko bengi aku turu kene.'  
(Wilamova, 2005:  
<http://www.phil.muni.cz/plonedata/wkaa>)
- (5) *There is, perhaps, a good reason why she chose to write in the first person.*  
'Mbokmanawa ana alasan sing becik kena ngapa dheweke milih kanggo nulis wong kapisan.'  
(<http://www.google.co.id/Hedging-in-AcademicWriting.doc>)
- (6) *Such a measure might be more sensitive to changes in health after specialist treatment.*  
'Kadhar kasebut *mbokmenawa* luwih krasa kanggo ngowahi kesehatan sawise pengobatan spesialis.'  
(Mukheef, 2012:  
<http://www.ijhssnet.com/journals/>)

Tembung-tembung sing dicithak miring lan digaris ngisor ing sajrone ukara mau mujudake ciri-cirine *hedge*. Panganggone *hedge* ing ukara kasebut yaiku kanggo nuduhake perkara sing durung mesthi, sing digunakake supaya ora nglarani atine wong sing diajak guneman. Kanthi mangkono, ing antarane pawadan karo *hedge* nduweni maksud sing padha.

Manut Lakoff (1972), *hedge* yaiku tembung utawa gatra sing ndadekake anane maksud sing ora pati cetha utawa kabur, sing nuduhake yen panulis kurang yakin marang informasi referensial ing sajrone tulisan-tulisane. Pamawas sing saemper diandharake dening Collins (1987), *hedge* mujudake sawijine tembung, gatra, utawa pratikel sing bisa ngowahi jinis-jinis liyane, kayata gatra aran, gatra kriya, utawa sawijine ukara, sing ing kono *hedge* bisa ndadekake ujar mau andhap-asor.

Brown lan Levinson (1978&1987) uga ngandharake menawa gegayutan karo kasantunan ing sajrone pasrawungan sing nggunakake basa lisan, *hedge* dianggep minangka alat sing bisa digunakake kanggo nyingkiri anane cecongkahan. Ing kono uga diandharake manawa *hedge* iku minangka tatacara lan tatalaku utawa mujudake tetembungan ing kasantunaning basa sing nduweni sipat andhap-asor.

Dadi ing kene bisa kadudut kaya sing wus kacetha ing ngarep manawa antarane *hedge* lan pawadan iku bisa diarani padha utawa saemper. Saengga ing sateruse tetembungan *hedge* ing basa Inggris, ing basa Jawa diarani pawadan.

Rahardi ngandharake menawa panliten lan kajian ing ilmu basa bisa nggunakake patang cara ancangan panintinge yaiku kanthi ancangan struktural, ancangan sosiolinguistik, ancangan pragmatik, lan ancangan sosiopragmatik (Rahardi, 2009:2). Mesthi wae saka patang ancangan mau bakal ngasilake asile panliten, kajian, lan wewujudan pratelane basa sing beda-beda. Siji-sijine nduweni pamiji-miji lan kajian sing beda. Mula saka iku, ing panliten iki mung bakal nggunakake ancangan struktural.

Kanthi lelandhesan panemune Rahardi mau, ing kene perlu kajian sing mirunggan ing bab pawadan basa Jawa. Lan sacara mirunggan sing diteliti bab polaning basa kanthi ancangan struktural ing panliten basa pawadan ing basa Jawa. Kanthi lelandhesan bab iku, panliten kanthi judhul "Wujud lan Cakrike Pawadan ing Basa Jawa" diadani. Kanthi panliten iki dikarepake saperangane perkara-perkara basa pawadan ing basa Jawa sing rumit, unik, lan maneka warna bisa kawedharake.

Adhedasar lelandhesane panliten ing dhuwur, underane panliten iki bisa dirumusake kanthi wujud pitakonan mangkene. "Kepriye mungguh gegambarane pawadan ing basa Jawa iku". Underane panliten bakune bisa diperang dadi loro, yaiku:

- 1) Kepriye mungguh wujud pawadan ing basa Jawa?
  - 2) Kepriye mungguh cakrike pawadan ing basa Jawa?
- Tujuwan panliten iki sacara umum yaiku bisaa oleh gegambarane sing lengkap lan obyektif ing bab pawadan ing basa Jawa. Dene tujuwa khusus yaiku saka panliten iki bisaa oleh gegambarane sing lengkap lan obyektif ing babagan:
- 1) Wujud pawadan ing basa Jawa.
  - 2) Cakrike pawadan ing basa Jawa.

Panliten iki bisa dianggep penting sacara teoritis apadene praktis. Sacara teoritis, panliten iki bisa menahi sumbangsih pangerti lan topik kajian ing babagan polaning basa Jawa. Panliten iki bisa minangka tandha bukti kuwat lan orane sarana sacara teoritis lan metodologis sing digunakake. Saliyane iku, uga

ngrowakake lan miji-miji perkara sing bisa ditangani lan dipecahake nganggo ancangan iki. Malah, asile panliten iki bisaa digunakake kanggo mangerteni sakperangane corake budaya lan pikirane wong Jawa.

Sacara praktis, asile panliten iki bisa dimanfaatkan kanggo ngarahake wong sing nggunakake basa Jawa ing sajrone nggunakake basa sacara etis utawa pacelathon sing manut ing tatakrama. Saora-orane wong sing nggunakake basa Jawa bisa nggunakake asile panliten iki minangka sakperangane pathokan kepriye mungguh becike sesrawungan lan imbal wacana kanthi nggunakake basa Jawa. Saliyane iku, bisa uga digunakake kanggo bahane piwulang mangerteni budaya Jawa lan wirasa basa Jawa. Piwulangan mangerteni budaya Jawa bisa nggunakake asile panliten iki minangka bahan tetandhingan anggane nggunakake basa.

Ana ing sajrone pasrawungan, ora bisa diselaki anane cecaturan antarane wong siji lan sijine. Kanggo medharake gagasane wong nggunakake tuturan minangka saranane. Anggone nuturake sawijine gagasan, bisa digunakake kanthi cara tuturan langsung lan tuturan ora langsung.

Tuturan langsung yaiku tuturan sing laras karo cakrik ukarane, kayata ukara pakon kanggo mrentah, ukara pitakon kanggo nakokane samubarang, lan sapiturute (Nadar, 2009:18). Tuturan langsung ing ndhuwur beda karo tuturan ora langsung. Nadar ngandharake (2009:19) yen tuturan ora langsung yaiku tuturan sing beda cakrik ukarane, mula maksud saka tuturan ora langsung bisa maneka warna gumantung marang kedadeyane.

Searle (Nadar, 2009: 19) ngandharake yen tuturan ora langsung iki nduweni panggonan sing penting sajrone kajian babagan tindak tutur, amarga saperangan tuturan sing luwih rowa dikandhakake kanthi cara ora langsung. Semono uga ing tuturan basa Jawa, akeh ditemokake tuturan ora langsung sing awujud pawadan kaya tuladha ing ndhuwur.

Katrangan utawa andharan babagan pawadan sacara *literer* durung ana ing basa Jawa. Ana ing kamus basastra Jawa, tembung pawadan dhewe duweni makna alasan. Tembung pawadan asale saka tembung awad sing ateges kandha sing ora nyata mung digawe cantolan utawa ethok-ethokan (Poerwadarminto, 1937:22). Kandha sing ora sanyatane iku nduweni maksud tartamtu ing pasrawungan, mula sabanjure sing diarani pawadan iku mujudake salah sijine cara utawa tatarane wong sing guneman marang liyan ing antarane supaya ora nglarani ati, ora ngasorake, ora meksa, lan sapanunggalane.

Manut Lakoff (diakses 5 Juli 2013), *hedge* yaiku tembung utawa gatra sing ndadekake anane maksud sing ora pati cetha utawa kabur, sing nuduhake yen panulis kurang yakin marang informasi referensial ing sajrone tulisan-tulisane. Pamawas sing saemper diandharake dening Collins (diakses 5 Juli 2013), *hedge* mujudake sawijining tembung, gatra, utawa pratikel sing bisa ngowahi jinis-jinis liyane, kayata gatra aran, gatra kriya, utawa sawijine ukara, sing ing kono *hedge* bisa ndadekake ujar mau andhap-asor. Andharan mau sarujuk klawan andharane Wilamova (diakses 5 Juli 2013) manawa *hedge* iku bisa awujud pratikel, tetembungan,

ukara gatra, uga basa-basa rinengga ing wirasa basa, yaiku ciri-cirine wirasabasa sing bisa nglendhehake kekuwatane sawijine pocapan.

Brown lan Levinson (diakses 5 Juli 2013) uga ngandharake menawa gegayutan karo kasantunan ing sajrone pasrawungan sing nggunakake basa lisan, *hedge* dianggep minangka alat sing bisa digunakake kanggo nyingkiri anane cecongkrahan. Ing kono uga diandharake manawa *hedge* iku minangka tatacara lan tatalaku utawa mujudake tetembungan ing kasantunaning basa sing nduweni sipat andhap-asor. Dene, Gippert (diakses 5 Juli 2013) ngandharake *hedge* minangka istilah kanggo nuduhake ekspresi saka isen-isene pocapan sing diujarake marang wong sing diajak guneman. Dheweke uga ngandharake yen *hedge* nduweni sesambungan klawan kasantunan, yaiku ngandharake maksud kanthi cara ora langsung lan tanpa meksa pamawase pangarang marang wong sing maca.

Dadi ing kene bisa kadudut kaya sing wus kacetha ing ngarep manawa antarane *hedge* lan pawadan iku bisa diarani padha utawa saemper. Saengga ing sateruse tetembungan *hedge* ing basa Inggris, ing basa Jawa diarani pawadan.

Pangrembakane teori *hedge* (sateruse disebut: pawadan) sing ngandharake bab polaning pawadan ing antarane diandharake dening dening Lakoff (1972) minangka salah sawijine pawongan kang ndhudhuk lan ndhudhah wiwitane teori *hedge*, dheweke nyebutake anane tembung pawadan utawa gatra pawadan. Bab iki nuduhake anane polaning *hedge* sing awujud tembung lan gatra. Collin (1987) uga ngandharake yen *hedge* iku wewujudane arupa sawijine tembung, gatra, utawa pratikel sing ngowahi jinis-jinis liyane kayata gatra aran, gatra kriya, utawa ukara. Dadi ing kene Collin wis luwih rowa anggane ngandharake jinis-jinise *hedge* tinimbang Lakoff. Bisa katiti saka pamilahe dadi tembung, gatra aran lan gatra kriya. Dene miturut andharane Wilamova (2005) *hedge* iku bisa awujud pratikel, tembung-tembung pawadan, lan ukara gatra, sarta basa rinengga ing sajrone wirasa basa. Salager-Mayer (2007) ngandharake kanthi luwih rinci, yaiku merang wujud *hedge* dadi pitung jinis adhedhasar wujud tembung, gatra, lan ukara gatra. Pitung jinis kasebut yaiku (1) wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya, (2) wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya, (3) wujud pawadan tembung kaanan, tembung aran, lan tembung katrangan, (4) wujud pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa, (5) wujud tembung, gatra lan ukara gatra sing mratelakake lantaran, (6) wujud gatra sing mratelakake pangira-ira, sarta (7) wujud pawadan gandheng renteng. Sabanjure andharan wujud-wujud pawadan dening Salager-Mayer iki sing bakal digunakake kanggo merang wujud pawadan ing basa Jawa.

Sabanjure ngrembug bab polaning basa pawadan utawa struktur basa pawadan, ora bisa uwal saka paramasastra utawa tatabahasane, utamane gegayutan klawan wujud-wujud pandhapuking basa. Wujud-wujud pandhapuking basa iku bisa diperang dadi morfem, alomorf, lan tembung; malah ana sing luwih

dhuwur tatarane, yaiku gatra, ukara gatra, ukara, lan wacana (Muslich, 2008:3).

Wujude pawadan ing basa Jawa iku mujudake kanyatane wewujudane pawadan sing dipilah-pilah adhedhasar wujude sing arupa tembung, gatra, lan ukara gatra. Sing dikarepake wujud yaiku rerupan pandhapuking basa, utawa dhapukaning paramasastra utawa tetembungan sing katiti saka unine lan panulise.

Salager-Meyer (2007), adhedhasar wujude merang *hedge* dadi pitu, yaiku (1) modal auxiliary verb, (2) modal lexical verb, (3) Adjectival, adverbial, and nominal modal phrase, (4) Approximators of degree, quantity, frequency and time, (5) introductory phrases, (6) if clauses, (7) compound verb.

Saka teorine Salager-Meyer kasebut, wujud pawadan basa Jawa banjur bisa diperang dadi pitu, yaiku (1) wujud pawadan cakrik pambantuing tembung kriya, (2) wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya, (3) wujud pawadan tembung kaanan, aran, lan katrangan, (4) wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa, (5) wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran, (6) wujud pawadan gatra pangira-ira, lan (7) wujud pawadan gandheng renteng.

Cakrike pawadan ing basa Jawa yaiku wedharing gagasan sing mawa pawadan adhedhasar cakrike utawa tembung, gatra, lan ukara gatra. Sing dikarepake cakrik ing kene yaiku jinising paramasastra ing wewujudane tumindak utawa solah bawa sing ngandarake kaanane nalar lan pikire tumindak manut tapsirane panutur utawa sikape panutur ing bab apa sing diwedharake.

Miturut Subagyo (2009:201) cakriking ukara bisa kapilah dadi pirang-pirang warna, yaiku (1) cakrik tumandang, (2) cakrik pakon tanggap, (3) cakrik sananta, sarta (4) cakrik tandang.

Lelandhesan bab kasebut, cakrike pawadan banjur diperang dadi papat, yaiku (1) pawadan cakrik tumandang, (2) pawadan cakrik pakon tanggap, (3) pawadan cakrik sananta, lan (4) pawadan cakrik tandang.

## B. METODE

Penliten iki mujudake panliten kualitatif. Pendekatan panliten sing dipilih ing panliten iki yaiku pendekatan *kualitatif*. Digunakake pendekatan *kualitatif* ing panliten iki amarga dhata ing panliten iki dikumpulake lan dijlentrehake ora kanthi wujud angka-angka. Bab iki selaras klawan Ahsen (Mahsun, 2005:230) sing mbedakake dhata panulisan dadi rong jinis, yaiku dhata sing awujud angka lan dhata sing ora awujud angka.

Dhatane panliten iku saka kabeh tuturan basa tulis basa Jawa sing dianggo ing pasrawungan sing ing kono kakadayan saka tuturan-tuturan sosial sing maneka warna lan sing nduweni pola tuturan pawadan. Dhata kajian iki, kabeh tuturan pawadan sajrone basa tulis sing digunakake ing kalawarti Jaya Baya sing terbit ing taun 2012 edisi 44 nganti tekan edisi 52, sing mujudake wewujudan polaning basa lan cakriking basa. Dhata kajian sing kaya mangkene bisa awujud tulisan. Anggone niti ciri-cirine saka basa pawadan ing basa Jawa minangka sumber panliten yaiku

basa pawadan sing dianggo ing pasrawungan sing tinemu ing sajrone majalah basa Jawa.

Ing panliten iki panliti tumindak minangka instrumen sebab panliten iki kalebu panliten kualitatif lan panliti minangka penutur asli basa Jawa. Ana ing panliten iki panliti nggunakake cara “metode” sing lazim digunakake. Metode sing digunakake kanggo ngumpulake dhata ing sajrone panliten sacara struktural iki yaiku “metode” simak, lan “metode” baca. Dene teknik sing digunakake yaiku teknik cathat.

Panintinge dhata ing panliten kualitatif etnografis, polaning basa utawa struktur basa iki, nggunakake analisis etnografis, analisis fenomenologis lan analisis hermeneutis. Sawise diselarasake ing tata cara panintinge dhata, tetelu mau dianggo kanggo nintingi dhata panliten iki. Tata cara panganggone tetelune mau bisa katiti saka langkah-langkah panintinge dhata sing kedadeyan saka:

- (1) Panelahe lan pamilahe dhata.
- (2) Panitike dhata lan pangumpule dhata.
- (3) Pamerange lan panjinise dhata.
- (4) Panapsire lan panintinge dhata.

Asile panintinge dhata ing panliten utawa *studi* wujud lan cakrike pawadan ing basa Jawa iki disuguhake kanthi nggunakake metode sajian informal. Dadi bisa dikandhakake yen asile temuan saka panliten iki sing arupa wujud-wujude pawadan lan cakrike pawadan kasebut disuguhake ing wujud tembung-tembung biasa sing asipat teknis.

## C. ANDHARAN

### 1. Wujude Pawadan ing Basa Jawa

- 1) Wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya

Wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya yaiku pawadan sing wujude cakrik pambantuning tembung kriya. Wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya kasebut minangka pawadan nduweni titikan ditutake dening tembung kriya.

Wujude pawadan cakrik pambantuning tembung kriya ing antarane yaiku tembung *bisa, kena, sajake, mungkin, bisa uga, mbokmenawa, paling, ayake, beke, muga-muga, arep, bakal, gelem, kudu, biasa, becike, apike, mesthine, lan kudune*. Dhata sing bisa tinemu kaya ing ngisor iki:

(7) *Becike* nyedhak mring Gusti, golek sarana nentremake batine.  
(JB/50/2012:39)

- 2) Wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya

Wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya yaiku pawadan sing awujud cakrik pratelaning tembung kriya. Pawadan wujud tembung kriya nduweni titikan yaiku ditutake dening tembung kriya.

Ing jinis wujud pawadan cakrike pratelaning tembung kriya iki wujude pawadan ing antarane yaiku *pranyata, rasane, katon, katone, ketoke, ketok, madhep, metu, percaya, ngandel, yakin, njupuk, nampa, nanggung, mangku, wiwit kerja, nganggep, ngira, ngarepake, nasehatake, mrayogakake, ngusulake, ngira-ira, mbiji, ngrumat, njaga, dhoyong, cocok, condhong, petung, ngira, nyana, mikir, ngalamun, nduga, ngira, nyubriyani, ngira, nyana, ndhebatake, nulak, mbantah,*

*meksa, ndhesek, mbuktekake, ngetokake, ngandhakake, mrayogakake, nawakake, mikirake, lan nimbang-nimbang.* Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(8) Ibu *katone* nyarujuki sesambunganku karo Panji. (JB/482012:37)

3) Wujud pawadan tembung kaanan, tembung aran, lan katrangan

Wujud pawadan tembung kaanan yaiku tembung pawadan sing nuduhake kaanan. Wujud pawadan tembung kaanan kasebut minangka pawadan nduweni titikan ditutake dening tembung kaanan utawa nduhae kaanan.

Wujude pawadan ing jinis wujud tembung kaanan iki ing antarane yaiku: *mungkin, paling, sajake, bisa uga, ayake, bokmenawa, beke, bener, pener, sarta cocok.* Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(9) Saiki sapa sing bisa ndadekake bangsa kita mongkog? *Sajake* angel anggone mangsuli. (JB/45/2012:39)

Wujud pawadan tembung katrangan yaiku pawadan sing wujude tembung katrangan. Wujud pawadan tembung katrangan kasebut minangka pawadan nduweni titikan ditutake dedning tembung katrangan utawa nuduhake katrangan.

Wujude pawadan ing tembung katrangan ing antarane yaiku: *bokmenawa, bisa uga, paling, sajake, beke, ayake, meh, meh wae, kaya-kaya, katone, kira-kira gajege, pranyata, sabener, satemene.* Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(10) Nganti bengi Bayu durung bisa turu, *mbokmenawa* isih kelingan marang perkara iku. (JB/ 44/ 2012:37)

Wujud pawadan tembung aran yaiku tembung pawadan sing wujude arupa tembung aran utawa gatra aran. Wujude pawadan jinis tembung aran ing antarane yaiku: *panganggep, pangira-ira, pangumpaman, tuntutan, tagihan, hak, kemungkinan, panduga, tetimbangan, petungan, taksiran, pambiji, pratikel, pituduh, panemu, pamrayoga, pitutur, wisik.* Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(11) *Pambijine Bu Retno,* pendhidhikan dhuwur iku ora njamin wong melek hukum. (JB/ 49/ 2012:42)

4) Wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh In orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa

Wujud pawadan pangira-ira yaiku pawadan sing mujudake tembung-tembung sing digunakake kanggo nuduhake pangira-ira tumrap pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta mangsa. Wujude pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa, ing antarane yaiku: *kira-kira, kurang luwih (gunggung), kanthi kasar, meh, lagi wae arep, ing ngendi-endi, ing kana-kene, kerep, asring, bola-bali, ana kalane, kadhang-kadhang, tarkadhang, kadhang kala, biasane, umume, adate, rada, sathithik, kepriye bae, embuh kepriye, akeh.* Tuladhane mangkene:

(12) *Asring* dakkonangi yen dheweke nyeleweng karo priya liya. (JB/46/2012:28)

5) Wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran

Wujud pawadan tembung, gatra lan ukara gatra ing mratelakake lantaran yaiku pawadan sing wujude tembung, gatra lan ukara gatra sing mratelakake lantaran ing sajrone ukara. Wujud pawadan tembung, gatra lan ukara gatra sing mratelakake lantaran iku nduweni titikan yaiku manggon ana sangarepe ukara, amarga dheweke dadi lantaran lumebu marang sawijine ukara utawa tuturan.

Wujude pawadan sing kalebu jinis tembung, gatra lan ukara gatra sing mratelakake lantaran iki ing antarane yaiku: *aku percaya, aku ngandel, aku yakin, miturut kawruhku, kawruhku, panemuku, wawasanku, panganggepku, maksudku, karepku, rumangsaku, dakrasa, pikirku, kiraku.* Tuladhane:

(13) *Manut pamawasku,* kabeh kang daklakoni iki sing paling becik kanggo kluwargaku. (JB/49/2012:37)

(14) *Aku yakin,* njenengan durung ngerti sapa aku. (JB/46/2012:35)

6) Wujud pawadan gatra pangira-ira

Wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira yaiku pawadan sing wujude gatra sing ratelakake pangira-ira. Wujude pawadan sing kalebu jinis gatra sing mratelakake pangira-ira ing antarane yaiku *yen bener, mbokmenawa bener, yen ora kleru, yen ana, mbokmenawa ana.* Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(15) *Yen ora kleru,* aku tau weruh neng TV ana tayangan nandur buah naga ing pot jebul bisa becik. (JB/45/2012:38)

7) Wujud pawadan gandheng renteng

Wujud pawadan gandheng renteng yaiku pawadan sing wujude gegandhengane saka tembung-tembung pawadan utawa kasusun saka loro utawa luwih wujud-wujude pawadan. Wujude pawadan gandheng renteng ing antarane yaiku: *bakal katon, ketoke pantes, bokmanawa becike/prayogane, ketoke mungkin yen, bakal nuduhake yen, bokmanawa nuduhake, katon pantes nganggep yen, bakal katon rada ora mungkin yen, bokmanawa katon rada begja-begjane yen, lsp.*

Tuladhane kaya ing ngisor iki:

(16) *Bakal katon rada ora mungkin* yen anggota DPR iku ora korupi. (JB/51-51/2012:10)

## 2. Cakrike Pawadan ing Basa Jawa

### 1) Pawadan cakrik tumandang

Pawadan cakrik tumandang yaiku ukara sing surasane jejering ukara kudu nglakoni utawa nandang kaanan, sing mawa pawadan, sing wasesane saka tembung arimbag kriya lingga, tanduk wantah, tanduk i-kriya, tanduk ke-kriya, rangkep, lan camboran. Pawadan ing sajrone ukara iki nuduhake yen ngemu surasa ora langsung. Ing dhata bisa ditemokake kaya ing ngisor iki:

- (1) Cakrik tumandang wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya

Tuladhane:

(17) *Bisa ta*, kowe njupukake klambiku sing ana njero lemari? (JB/44/2012:48)

- (2) Cakrik tumandang wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya

Tuladhane:

(18) *Ketoke* mlayu ngulon, nanging embuh terus menyang endi. (JB/46/2012:41)

- (3) Cakrik tumandang wujud pawadan tembung kaana, aran, lan katrangan

Tuladhane:

(19) *Mbokmenawa* merga isih durung waras, dheweke lungguh ing kursi rodha. (JB/44/2012:28)

- (4) Cakrik tumandang wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa

Tuladhane:

(20) *Kira-kira* Ratna golek buku menyang toko buku sacedhake kampus. (JB/44/2012:37)

- (5) Cakrik tumandang wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran

Tuladhane:

(21) *Aku percaya*, dheweke ngaji ing langgar. (JB/47/2012:48)

- (6) Cakrik tumandang wujud pawadan gandheng renteng

Tuladhane:

(22) *Mbokmenawa dheweke bakal percaya*, yen Joni nyusul menyang Jakarta. (JB/49/2012:28)

## 2) Pawadan cakrik pakon tanggap

Pawadan cakrik tanggap pakon yaiku ukara sing mawa pawadan, sing lesaning ukara kriya tanduk (sing bakal ditanduki pakaryan) kudu ditanduki pakaryan mau. Ing dhata bisa ditemokake kaya ing ngisor iki.

- (1) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya

Tuladhane:

(23) *Gelem ora gelem*, gaweyan kuwi tandangana! (JB/45/2012:41)

- (2) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya

Tuladhane:

(24) *Prayogane* panganan, sate kae selak mambu! (JB/47/2012:41)

- (3) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan tembung kaana, aran, lan katrangan

Tuladhane:

(25) *Sajake* wis rusak, radhio kae simpenen! (JB/49/2012:28)

- (4) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa

Tuladhane:

(26) *Sethithika*, tampanana! (JB/50/2012:32)

- (5) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran

Tuladhane:

(27) *Karepku*, jendhela kuwi bukaken! (JB/51-52/2012:61)

- (6) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira

Tuladhane:

(28) *Yen bener* kabar kuwi, kowe maraa mrana! (JB/48/2012:36)

- (7) Cakrik pakon tanggap wujud pawadan gandheng renteng

Tuladhane:

(29) *Saupamane dideleng pantes*, enggonen! (JB/45/2012:32)

## 3) Pawadan cakrik sananta

Pawadan cakrik sananta yaiku ukara sing mawa pawadan, sing andharane mawa surasa sumedya arep tumandang, karepe jejerung ukara mau duwe karep arep tumandang utawa niat tumandang dhewe. Ing dhata bisa ditemokake kaya ing ngisor iki.

- (1) Cakrik sananta wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya

Tuladhane:

(30) *Becike* taknukokake klambi adhiku. (JB/48/2012:22)

- (2) Cakrik sananta wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya

Tuladhane:

(31) *Ketoke* aku takmulih mengko. (JB/44/2012:28)

- (3) Cakrik sananta wujud pawadan tembung kaana, aran, lan katrangan

Tuladhane:

(32) *Kira-kira* aku takmati bae. (JB/49/2012:32)

- (4) Cakrik sananta wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa

Tuladhane:

(33) *Kepriye bae*, aku takniliki kancaku sing lara. (JB/49/2012:48)

- (5) Cakrik sananta wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran

Tuladhane:

(34) *Aku yakin*, aku takutang dhuwit wae menyang bapake Sadrono. (JB/46/2012:32)

- (6) Cakrik sananta wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira

Tuladhane:

(35) *Mbokmenawa ana*, aku taknyilih klambimu. (JB/48/2012:48)

(7) Cakrik sananta wujud pawadan gandheng renteng  
Tuladhane:

(36) *Pikirku yen ora kleru, aku  
taknggunakake buku kuwi.*  
(JB/45/2012:41)

#### 4) Pawadan cakrik tandang

Pawadan cakrik tandang yaiku ukara sing mawa pawadan, sing andharane darbe surasa sumedya kareben kelakon, karepe jejering ukara nganggep perlu panindak ing pakaryan, tumrap ing liyan. Ing dhata bisa ditemokake kaya ing ngisor iki.

(1) Cakrik tandang wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya  
Tuladhane:

(37) *Becike, dakkuncine sepedhahe.*  
(JB/49/2012:28)

(2) Cakrik tandang wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya  
Tuladhane:

(38) *Percayaa dakgarape nganti rampung.* (JB/48/2012:48)

(3) Cakrik tandang wujud pawadan tembung kaana, aran, lan katrangan  
Tuladhane:

(39) *Kira-kira dakrampungne dhewe perkara iki.* (JB/47/2012:36)

(4) Cakrik tandang wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa  
Tuladhane:

(40) *Kadhangkala daktunggonane.*  
(JB/46/2012:46)

(5) Cakrik tandang wujud pawadan tembung, gatra, lan ukara gatra sing mratelakake lantaran  
Tuladhane:

(41) *Karepku, dakparanane bae kareben dheweke ora rekasa.*  
(JB/49/2012:41)

(6) Cakrik tandang wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira  
Tuladhane:

(42) *Yen bener, daktambanane nganggo godhong keji beling.*  
(JB/50/2012:38)

(7) Cakrik tandang wujud pawadan gandheng renteng  
Tuladhane:

(43) *Mbokmenawa becike, dakgodhoge dhisik endhog iku.*  
(JB/50/2012:28)

## D. PANUTUP

### 1. Dudutan

Katiti saka asiling panliten sing kaandharake ing bab IV bisa kawedharake dudutan mangkene, *sepisan*, wujuding pawadan ing basa Jawa ana pitu, (i) wujud pawadan cakrik pambantuning tembung kriya, (ii) wujud pawadan cakrik pratelaning tembung kriya, (iii) wujud pawadan tembung kaanan, tembung aran, lan tembung katrangan, (iv) wujud pawadan pangira-ira pepangkatan, akeh lan orane, kerep lan orane, sarta titi mangsa, (v)

wujud pawadan tembung, gatra lan ukara gatra sing mratelakake lantaran, (vi) wujud pawadan gatra sing mratelakake pangira-ira, sarta (vii) wujud pawadan gandheng renteng. *Kapindho*, cakrike pawadan ing basa Jawa ana papat, yaiku (i) pawadan cakrik tumandang, (ii) pawadan cakrik pakon tanggap, (iii) pawadan cakrik sananta, sarta (iv) pawadan cakrik tandang.

### 2. Pamrayoga

Gegayutan karo tumindake lan asiling panaliten bisa kaandharake pamrayoga sing gayut karo panliten sateruse lan piwulang basa Jawa kayata: *Sepisan*, panliten iki lagi nitik, nalisik, lan nliti babagan wujude lan cakrike pawadan ing basa Jawa. Dhatane panliten iki dikumpulake saka kedadeyan lan tumindake basa Jawa ing basa tulis sing ana ing Jaya Baya taun 2012 edisi 44 nganti tekan edisi 52. Mula saka iku, mesthi bae durung kabeh kedadeyan lan kahananing basa Jawa sing lumaku ing pasrawungan durung bisa kagarba, kadhudhuk, lan kadhudhah. Gayut karo bab iku, perlu diadani panliten sing minangka terusane panliten iki, kayata ing bab (i) tatalakune panganggone wujuding pawadan ing basa Jawa, (ii) perkara-perkara sing dadi pepalange wong sing nggunakake basa ing pasrawungan saben dinane sing disebabake anggane ngecakake lan orane wujuding pawadan ing basa Jawa. Gayute pawadan ing basa Jawa karo unggah-ungguhing basa lan budaya. Panliten sateruse sing mirunggan iki kaajaba alelandhesan dhatane panliten sing dikumpulake saka tataraning wilayah sing luwih jembar, ora mung winates ing basa tulis ing kalawarti Jaya Baya.

*Kapindho*, asile panliten iki kaajab nduweni kecocokan karo ancangan polaning basa ing paramasastra, sosiolinguistik, etnografi, lan wirasa basa ing basa Jawa. Mula saka iku, asiling panliten iki bisaa digunakake kanggo bahan kuliah ing matakuliah-matakuliah bahasa ing jurusan Basa lan Sastra Jawa ing perguruan tinggi. Malah-malah, asiling panliten iki, bisaa digunakake kanggo bahan piwulang wirasa basa Jawa ing SMP.

### KAPUSTAKAN

Alwi, Hasan, dkk. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra-Djawi*. Jogjakarta: Soejadi.

Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.

Chaer, Abdul, Leonie Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Echols, John M, Hasan Shadily. 2003. *Kamus Inggris Indonesia*. Jakarta: Gramedia.

Hadiwijaya, R.D.S. 1967. *Tata Sastra*. Jogja: U. P. Indonesia.

Kridalaksana, Harimurti. 1983. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.

Mahsun. 2005. *Metode Penulisan Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Rajawali Pers.

Muslich, Masnur. 2008. *Tata Bentuk Bahasa Indonesia Kajian Kearah Tata Bahasa Deskriptif*. Jakarta: Bumi Aksara.

Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasatra Jawa*. Surabaya: Citra Jaya Murti.

Padmasusastra. 1898a. *Tembung Becik*. Surakarta: Albert Rusche & Co.

\_\_\_\_\_. 1900b. *Serat Paramasatra*. Surakarta: Albert Rusche & Co.

Poerwadarminta, W.J.S. 1937a. *Baoesastra Djawi*. Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.

\_\_\_\_\_. 1953b. *Sarining Paramasatra Djawa*. Djakarta: Noordhoff Kolff N.V.

Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rahardi, Kunjana. 2006a. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.

\_\_\_\_\_. 2009b. *Sosio pragmatik*. Jakarta: Erlangga.

Ramlan, M. 1983a. *Morfologi Satuan Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV Karyono.

\_\_\_\_\_. 1996b. *Sintaksis*. Yogyakarta: CV. Karyono.

Subagyo, Rahmad. 2009a. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: FBS Unesa.

\_\_\_\_\_. 2012b. *Bahan Kuliah Sintaksis Jawa*. Surabaya: FBS Unesa.

Sudaryanto, dkk. 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa, Pengantar Penulisan Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

## SUMBER INTERNET

Al-Rashady, Fahad. 2012. Determining the Role of Hedging Device in the Political Discourse of Two Americans Presidentials in 2008: *TESOL Journal (Online)*, Vol. 7, No. 30-42, ([http://www.tesol-journal.com/PDF/V7\\_A3.pdf](http://www.tesol-journal.com/PDF/V7_A3.pdf), diakses 4 Juli 2013 jam 20:09)

Hyland, Ken. 1994. Hedging in Academic Writing and EAP Textbooks: *English for Specific Purpose (Online)*, Vol. 13, No. 239-256, (<http://www2.caes.hku.hk/kenhyland/files/2012/08/Hedging-in-academic-writing-and-EAP-textbooks.pdf>, diakses 5 Juli 2013 jam 02:36).

Mukheef, Razzq Nayif. 2012. Investigating Knowledge and Use of Iraqi EFL University Learners of Hedging Device: *College of Education-Babylon University (Online)*. ([http://www.ijhssnet.com/journals/Vol.1.No.9/Special\\_Issue\\_July\\_2011/23.pdf](http://www.ijhssnet.com/journals/Vol.1.No.9/Special_Issue_July_2011/23.pdf), diakses 5 Juli 2013 jam 2:56)

Vartalla. 2001. (Online), (<https://tampub.uta.fi/bitstream/handle/10024/67148/951-44-5195-3.pdf?sequence=1>, diakses 5 Juli 2013 jam 3:21)

Wilamova, Sirma. 2005. On the Function of Hedging Device in Negatively Polite Discourse: *Studia Minora Facultatis Philosophicae Universitatis Brunensis (Online)*, ([http://www.phil.muni.cz/plonedata/wkaa/BSE/BS\\_E\\_2005-31\\_Offprints/BSE%202005-31%20%28085-093%29%20Wilamova.pdf](http://www.phil.muni.cz/plonedata/wkaa/BSE/BS_E_2005-31_Offprints/BSE%202005-31%20%28085-093%29%20Wilamova.pdf), diakses 5 juli 2013 jam 3:03)

[http://www.kuwi.europa-uni.de/de/lehrstuhl/sw/sw2/forschung/hedging/hedging\\_and\\_discourse/a\\_challenge/index.html](http://www.kuwi.europa-uni.de/de/lehrstuhl/sw/sw2/forschung/hedging/hedging_and_discourse/a_challenge/index.html), diakses 5 Juli 2013 jam 3:38

[http://www.kuwi.europa-uni.de/de/lehrstuhl/sw/sw2/forschung/hedging/hedging\\_and\\_discourse/a\\_challenge/index.html](http://www.kuwi.europa-uni.de/de/lehrstuhl/sw/sw2/forschung/hedging/hedging_and_discourse/a_challenge/index.html), diakses 5 Juli 2013 jam 4:24

<http://www.google.co.id/url?sa=t&rct=j&q=&esrc=s&source=web&cd=1&cad=rja&ved=0CCcQFjAA&url=http%3A%2F%2Fwww.bbk.ac.uk%2Fmybirkbeck%2Fservices%2Ffacilities%2Fsupport%2Fessay-writing%2FHedging-in-AcademicWriting.doc&ei=7trVUcaUO8yIrAeS94HABA&usq=AFOjCNHh5WcJAXTbm9C7-HiReovY66CXEQ&sig2=sEE77QlyEvECUtkXjtcgA&bvm=bv.48705608.d.bmk>, diakses 5 Juli 2013 jam 3:30